



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus  
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou, Jezi t ap anseye bò yon lak. Anpil moun te rasanble pou koute li. Foul la t ap vin pi gwo chak jou.

Kisa Jezi t apral fè ?




Lè li te wè yon kannòt toupren a,  
Jezi te monte ladan l. Kounye a, li  
te kapab wè moun yo, epi yo te  
ka wè l ak tande li.



Jezi te kòmanse ap rakonte parabòl  
— kèk istwa sou bagay òdinè ki t  
ape eksplike moun yo  
sa Bondye ye.



"Yon kiltivatè t ap simen grenn nan jaden li." Istwa Jezi a te tankou yon imaj ak mo olye de desen.




Moun yo te ka imajine kiltivatè a k ap travay — yo te wè l ap fè sa plizyè fwa.



Genyen kèk grenn ki te  
tonbe bò wout la. Zwazo  
yo te vini byen vit epi yo  
te vale yo.



Kèk grenn te tonbe sou tè ki te plen wòch yo. Yo te grandi byen vit pou yo vin tounen ti plant frajil. Paske rasin yo pa te rive fon nan tè a, solèy cho a te boule yo.



Genyen lòt grenn ki te pran rasin nan mitan pikan yo. Yo pa te fè grenn. Pikan ki te antoure jenn plant yo te bare solèy la ak lapli yo te bezwen an.




Rès grenn yo te tonbe nan bon tè.


Tikraspatikras, yo te leve epi vin tounen  
kèk plant fò ki te pwodui anpil nouvo grenn.  
Kiltivatè a te kontan anpil.



Nan fen istwa a, disip yo te pwoche bò kote Jezi.  
"Poukisa w ap pale ak yo an parabòl ?"  
yo te mande li.



Jezi te reponn yo, parabòl yo te ede moun ki te renmen Bondye toutbon yo pou yo konprann Li. Moun ki pa te renmen Bondye pa te kapab konprann parabòl yo.




Aprè sa, Jezi te eksplike parabòl la.  
Li te di yo grenn nan se te Pawòl Bondye.  
Grenn ki te tonbe bò chemen an se tankou yon  
moun ki tande men ki

pa konprann Pawòl  
Bondye a. Satan  
fè yo bliye sa

Bondye di.



Genyen lòt moun ki resevwa Pawòl la  
byen vit. Yo tankou grenn sou tè wòch la.  
Kou yon moun pase yo nan betiz oubyen kou bagay yo  
vin difisil paske yo renmen Bondye,  
yon bagay tris rive.



Menm moun sa yo ki te kòmanse suiv Jezi ak kè kontan an, yo te abandone tout bagay epi yo te dezobeyi Pawòl Bondye. Yo pa te vle fè sakrifis la pou yo te suiv Bondye. Ala bagay tris yo te pito fè zanmi yo plezi pase yo te fè Bondye li !



Pikan yo ki nan  
parabòl la se  
tankou enkyetid  
mond sa a ak lanmou  
pou lajan ki nan lavi  
moun yo. Yo twò okipe  
ap eseye gen plis lajan  
ak byen materyèl kidonk  
yo mete Bondye soukote  
nan lavi yo.



Grenn ki tonbe nan bon tè a epi ki bay yon bon rekòt la se tankou Pawòl Bondye a ki antre nan kè moun yo epi ki chanje lavi yo. Moun sa y ap sèvi epi y ap onore Bondye.



Foul la pa te vle ale. Anpil moun te vle suiv Bondye epi fè li plezi. Parabòl Jezi yo te ede yo konprann kijan yo te dwe obeyi Bondye.



Kiltivatè a ak grenn nan

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 13

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

